ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№7 (23.165) • 2016 гъэм щІышылэм (январым) и 19, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Фейдэ пылъу зэдэлэжьэн папщІэ Іэмалхэр мащІэкъым

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Правительствэм и Унэм щахуэзащ Китайм и лъэпкъ щІыдагъэ-газ корпорацэм хиубыдэ къэрал компание ин зыбжанэм я унафэщІхэм

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ технологие лъагэхэр зи лъабжьэ инвестицэ проектхэр КъБР-м и Правительствэм и ЩІыналъэм щыгъэзэщІэным хуэунэтІауэ лъэныкъуитІми я фейдэ зыпылъ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыным пыщІа Іэухухэм.

КІуэкІуэ Юрий и псалъэм къыщыхигъэщхьэхуКІащ Китайм и ЩІагъэлІэхэм пщІэшхуэ зэралэр. Псом хуэмыдэу ди дежкІэ мыхьэнэ хэха иІэщ, жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм, ди хьэщІэхэр къэрал компаниехэм я лІыкІуэу зэрыщытым.

А махуэ дыдэм КъБР-м и Правительствэм и Унэ ІэщыщІадзащ «Этана» полимер къабзэхэр къыщІэзыгъэкІ завод» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгухьэныгъэмрэ Китайм и къэрал корпорацэхэмрэ зэращІылІа контрактым. А документым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, иІэсым полиэтилентерефталат тонн мелуан 1,5-рэ къыщІэзыгъэкІыфмэ ETANA PET промышленнэ комплексыр ухуэнымрэ лажьэу утІыпщІынымрэ, лэжьапІэ ІэнатІэщІэу мини 2,5-м щІигъу къызэІухьынымрэ лъэныкъуитІри зэщІыгъуу елэжьынущ. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм Іэмал кьитынущ ди щІыналъэм нэгъуэщІ инвесторхэри кьешэлІэнымкІэ, федеральнэ, республикэ бюджетхэм я хэхъуэхэр гъэбзагъэныкІэ.

ИужькІэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, Китайм и компание инхэм ящыщ зым и вице-президент Вей Ян сымэ журналистхэр зыщІэупщІахэм жэуапхэр ираташ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Лъэныкъуэхэр зэгуроІуэ



«Полимер кьабзэхэм щелэжьыну «Этана» завод» ООО-мрэ CPTDC, CKCEC Китай къэрал корпорацэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унэм щІышылэм и 16-м щызэращІылІащ ETANA PET промышленнэ комплексыр ухуэным теуХуа EPC-зэгурыІуэныгъэр.

А ІУЭХУМ хэтащ республикэм и Правительствэм, Парламентым щыщхэр, къэрал комитетхэмрэ проект организацэхэмрэ я унафэщІхэр, ирагъэблагъа къулыкъущІэхэр.

ЗэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзын и пэ кьихуэу, КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий кІэщІу къытеувыІащ промышленнэ комплексыр зэгъусэу ухуэным иІэ мыхьэнэм, адэкІи зэдэлэжьэнымкІэ лъэныкъуэхэм кьахуэзэригъэпэщыну хэкІыпІэхэр зыхуэдэм.

- Ныбжьэгъуэ, нобэ ирихьэлІэу икъукІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэдгъэкІащ. «Полимер кьабзэхэр къыщІэзыгъэкІыну «Этана» завод» ООО-мрэ CPTDC корпорацэмрэ зэращылІэ EPC-зэгурыІуэныгъэм ди щІыналъэм инвесторхэр кьешэлІэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ предприятэхэр къэралым диІыгъыным хуэунэтІауэ Іэмалыщ Іэхэр къызэІуихынущ. Инновацэ, инвестицэ лэжьыгъэр иригъэфІэкІуэнущ, ди республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ инвестицэ проектыр - полиэтилентерефталат щагъэхьэзырыну заводыр - ухуэным сэбэпышхуэ хуэхъуныщ.

ЖэуапІэныгъэ хэлъу мы Іуэхум зэрыбгъэдэтым папщІэ, ди дарэгъуэхэм фІыщІэ яхузощІ, дубзыхуахэм УрысеймрэКитаймрэ я зэпыщІэныгъэхэр зэригъэбыдэнур, ди зэдэлэжьэныгъэм зэрызригъэужьынур си фІэщ мэхъу.

Проектыр гъэзэщІэн щІэддзэмэ, продукцэщІэхэр къыщІэдгъэкІынущ, уху эныгъэр зыхуей псэуалъапхъэхэмкІэ къытхузэгъэпэщынущ, республикэм и уху кІуэ организацэхэм лэжьыгъэ щагъэуэтынущ.

Проектым социальнэ Іуэхуэм увыпІэ хэха щеубыд. Псалъэм папщІэ, ІэнатІэщІэу минитІрэ щитхум нэблагъэ къыззІутхыну ди мурадщ. ЩІыхухэм зэблэмыууэ улахуэр яІэрыхьэнущ, я псэукІэр ефІэкІуэнущ, къэкІуэну махуэм кьыхэмыщтыкІыу хуэплъэнущ. КъищынэмыщІауэ, бюджет лІэужьыгъуэ псоми халъхьэм хэхъуэнущ.

Си псалъэм и кІэхыу къыхэзгъэщыну сыхуейт нобэ зэтщІылІэ зэгурыІуэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьныгъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, республикэм и промышленнэ политикэр зытещІыхьым и мызакъуэу, зэрыщыту Урысей Федерацэм и промышленнэ комплексым кьыпэщыт кьалэнхэм ящыщ куэд гъэзэщІэным ар сэбэп зэрыхуэхъунур, - къигъэлъэгъуащ Мусуков Алий икІи СКСЕС корпорацэм и президент, зиусхьэн Хуатан Чжоу псалъэр къитэсащ.

Абы зэрыжиІамкІэ, я компаниер дуней псом щынэхъ лъэрыхьэм ящыщщ. Иужьрей илъэс 15-м къриубыдэу апхуэдэ проект куэд ягъэзэщІащ. «Этана» заводым и продукцэр адрейхэм ефІэкІын папщІэ, технологие лъагэхэмкІэ къызэрагъэпэщыну я мурадщ.

ЗэрызэдэлэжьэнымкІэ щыкІэр ягъэнэІуа нэужь, ETANA PET промышленнэ комплексыр зэрауэхуэнум теуХуа Е-Пи-Си-зэгурыІуэныгъэр зэращылІащ. Абы Іэ щІадзащ Си-Си-Айай компанием и президент, зиусхьэн Хуатан Чжоу, Си-Пи-Ти-Ди-Си компанием и вице-президент, зиусхьэн Вей Ян, «Полимер кьабзэхэм щелэжьыну «Этана» завод» ООО-м и унафэщІ Іэщын Сергей сымэ.

ИужькІэ Мусуков Алийрэ Вей Янрэ журналистхэм я упщІэхэм зэрыгъэгъэхэр ираташ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербыр «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм и бланкхэмрэ мыхъурымрэ кьыщыгъэсэбэпыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербым и Іуэхукі э» 1994 гъэм щыщхьэІуэм и 4-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №12-РЗ-м и 3-нэ статьям и пкъ и иткІэ **унафэ сощ:**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербыр «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм и бланкхэмрэ мыхъурымрэ кьыщыгъэсэбэп хьуну гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м
№5-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и секретарыр хэхыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм щІышылэм и 14-м ***Налшык къалэ*** ***№126/3-5***

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэпэхэмкІэ я хуитынигъэхэмрэ референдумым хэтыну яІэ хуитынигъэмрэ кьызэгъэщынымкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукі э» 2002 гъэм мэкъуэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и Іуэхукі э» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 3-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и Регламентым и 9-нэ, 10-нэ, 41-нэ статьяхэм япкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и секретарыр Іэ ІэткІэ хэхыным кьрикІуахэр кьэзыбжа комиссэм 2016 гъэм щІышылэм и 14-м и итхыжа протокол №2-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и секретару зэпымыууэ (штатым хэту) лэжьэну хэхьн Джаппуев Муссэ Хьисэ и къуэр.

2. Мы Унафэр щІыхьэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм Интернетым щІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭЩ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и секретарь Джаппуев Муссэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм унафэ къэзыщтэу хэтхэм 2016 гъэм щІышылэм и 14-м ирагъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм ІэІэткІэ комиссэм и секретару щыхахащ Джаппуев Муссэ Хьисэ и къуэр.

Джаппуев Муссэ Хьисэ и къуэр 1985 гъэм щІышылэм и 9-м Тырныауз къалэм кьыщалъхуащ. 2006 гъэм Иджырей гуманитар академиер кьиухри, юриспруденцэмкІэ бакалавр хуащ, 2008 гъэм Москва дэт къэрал индустриальнэ университетыр юриспруденцэ ІэщІагъэмкІэ кьиухащ.

Джаппуев М. Хь. 1998 гъэм Мечиев Кязим и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ ныбжьыщІэ библиотекэм и библиотекару лэжьэн щІидзащ. 2005 - 2007 гъэхэм «ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкі э институт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и менеджер нэхъыжьу, 2007 - 2009 гъэхэм КъБР-м ЩІалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхуэхмкі э и къэрал комитетым и Іэщагъэлі-эксперт пажэу, 2009 - 2014 гъэхэм КъБР-м ЦІыхубз коммуникацэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкі э и министерствэм и къудамэм и унафэщІу, 2014 гъэм щегъэжьауэ 2016 гъэм и щІышылэ маздэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и консультанту щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Макитов ТІалип Азнор и къуэр тхыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм щІышылэм и 14-м ***Налшык къалэ*** ***№126/5-5***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу я кьыхилъхьам иту депутатхэм я кандидату ятха Макитов ТІалип Азнор и къуэм етыным и Іуэхукі э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм 2016 гъэм щІышылэм и 14-м кьищта Унафэ №126-/2-5-м и пкъ и иткІэ икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукі э» 2008 гъэм щыщхьэІуэм и 3-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 3-м и пкъ и иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуитынигъэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам зэрыхахамкІэ удостоверенэр етын.

3. Мы Унафэр щІыхьэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм Интернетым щІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭЩ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакі уэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

ЩытыкІэ гугъу зэритым къыхокІ

Франджым и президент Олланд Франсуа я къэралым къызэрымыкІуэ щытыкІэ щыІэ зэрыхъуар жиІащ икІи абы теухуа унафэ къыщІащ.

Экономикэми социальнэ ІэнатІэми щыщыІэ гугъуехьхэр къызыхэкІар лэжьапІэнщагъэраУэ кьелъытэ къэрал унафэщІым и кІи а щытыкІэм къикІыным Франджым и правительствэм еврэ мелардитІ хухихьну зэрыхьэзырри къыхигъэщащ.

«Ильэс кІуэм къэралым къызэрымыкІуэ щытыкІэ щыдгъэуваУэ щытащ террористхэм я зэранкІэ. Иджы, дунейм къыщыхъу зэрыхьэзрийхэм я зэранкІэ, дэ къэтлъытэн хуей хуэащ экономикэми цІыхухэм псэукІэ тэмэм къахуэзгъэпэщынми Іуэхур зэрыщымыщІагъуэр. Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынІуэхумкІэлъыкІуэу нэхъыщхьэу кьэлъытапхъэр цІыхухэм Іэнатіэ яІэнырщ», - жиІащ Олланд Париж дэт Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэм щаІуащІам.

Тхьэмахуэм къриубыдэу цІыхухэр сыхьэт 35-кІэ фІэкІа мыгъэлэжьэныр Іэнатіэншэхэм я бжьыгъэ гъэмэщІэныкІэ зы Іэмалу кьагъэсэбэп хьуну кьелъытэ къэрал унафэщІым. Апхуэдэуи цІыху мин 500 Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хурагъэджэну, щІалэгъуалэр лэжьапІэ кьэзыщтэ Іуэхущ Іапі эхэми зыщ Іагъэкъуэну зэрамурадыр кьыхигъэщащ Олланд.

Израилым Іэпхъуэжхэр нэхъыбэ мэхъу

Кьухьэпі э Европэм и къэралхэм щыпсэу журтхэм ящыщ куэд Израилым Іэпхъуэжащ блэкІа илъэсым.

«Сохнут» агентствэм кьызэрытымкІэ, 2015 гъэм я аджьхэм я щІыналъэм кІуэжащ цІыху 9800-рэ. Мин зыбжанэ европэ къэралхэм икІри, нэгъуэщІ щІыпІэхэм Іэпхъуащ. Нэхъыбэ дыдэу журтхэр къызэрыкІыжар Франджырщ, абы кІэлъокІуэ Инджылызыр, Бельгиер, Италиер. Защтэу апхуэдизу цІыху Европэм щІиІэпхъуКІым и щхьэусыгъуэу агентствэм и унафэщІ Щаранский Максим кьилъытэр а къэралхэм ущыпсэуну щынагъуэ зэрыхъуарщ.

НОБЭ

♦Къырым Республикэм и къэрал ныпым и махуэщ

♦Беларусь Республикэм щагъэлъапІэ Къегъэлакіуэм и махуэр

♦1847 гъэм «Кавказ» газетым тридзащ Адыл-Джэрий Султ Іан и «Урыс-шэрджэс е адыгэ псалъалъэ, грамматикэ кІэщІ щыГъуу» тхыгъэр.

♦1955 гъэм США-м и президент Эйзенхауэр Дуайт дунейм щыяпэу телевиденэмкІэ пресс-конференц иригъэкІуэкІащ.

♦1965 гъэм Майскэ поселкэр къалэ ящІащ.

♦1966 гъэм Ганди Индирэ Индием и премьер-министр кьулыкъум теуващ.

♦1991 гъэм УФ-м Атлетикэ хьэлъэмкІэ и федерацэр къызэрагъэпэщащ.

♦1996 гъэм СНГ-м хьихьэ къэралхэм я Іэтащхьэхэм я Советым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ а зэгухьэныгъэм хэтхэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі э я министрхэм я Совет.

♦Америкэм щыщ тхакІуэ цІэрыІуэ, усакІуэ, критик **По Эдгар** къызэралъхурэ илъэс 207-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, егъэджакІуэ Іэзэу щыта **Жылау Нурбий** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, КІэрашэ Тембот и щІыхькІэ щыІэ сауГъэтым и лауреат, АР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Дербэ Тимур** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

♦Урысей гимнасткэ, Олимп джэгухэм тІуэнейрэ щытекІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хоркинэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщешынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жащым градуси 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хьилэр акъылым щыщщ.

Налшык къалэ дэт гимназие №14-м и 9-нэ классым щеджэхэм зэІэпахыу «Адыгэ псалъэ» газетым йоджэ, я унэ лэжьыгъэхэр щащІыжкІэ къыдэкІыгъуэм къытехуэ псалъэжьхэмрэ жыІэгъуэхэмрэ щаджэкІыж, тхыдэм теуХуа тхыгъэхэри яфІэгъэщІэгъуэну кьагъэсэбэп.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэнымрэ зэриухар. Ауэ щІышылэм и 25 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ мазаем и 1-м щыщІэдзауэ. Мазитхум ди газетым и уасэр сом 699-рэ кІэпІейкІэ 90-рэщ.

Ди индексыр 51531

Хабзэхъумэхэм къапэщІэуву щІэпхъаджащІэр яукІащ

Налшык къалэм и уней лъапсэхэм ящыщ зым Іэщэкіэ зэщІэуззда цІыхум зэрызыщигъэпщкІум теухуа хъыбарыр къаІэрыхьа нэужь а хьэблэм махуищ япэкІэ щагъэувауэ щытащ террорым пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэхэр щекІуэкІ щыналъэм и хабзэр.

ЩІэпхъаджащІэм зыкъытыну хуагъэува щхьэкІэ абы Іэщэр игъэтІылъакъым икІи хабзэхъумэхэм къахэуэу щІидзащ. ЗэпэщІэтынымгъэ етІуанэ махуэми сыхьэт 15.00-м нэсыху екІуэкІащ.

А зэхэуэм щаукІащ республикэм щыІэ щэхурылажьэ бандэ гупхэм ящыщ зым хэт цІыхухъур. ЩІэпхъаджащІэр къызэтрагъэувыІэн папщІэ абы зыщигъэбыда унэр ямыкъутэу хъуакъым. Унэм и къутахуэхэр щызэпкърахым абы Іэщэ, шэхэр хэлъу къагъуэтащ.

Зэхэуэм къызэрыгуэкІ цІыхухэм ящыщу зыми фэбжь хахакъым. Урысейм и ФСБ-м и подразделенэ хэхам и лэжьакІуэхэм яяыхэзыр уІэгъэ хъуащ, ауэ дохутырхэм зэрыжаІамкІэ, абы и гъащІэм ущІытёшыныхьым щыІэкъым. Зэхэуэр щекІуэкІа щІыпІэм зыхуэфащэ оперативнэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ.

Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и хъыбарегъащІэ центр.

Шэджэм щІыналъэ хэхакІуэ комиссэ къызэгъэпэщыным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъаэм и 24-м Налшык къалэ №125/7-5

Шэджэм щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хагъэхьэнухэм я кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и Іыхуэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іэухукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральэ закон №67-ФЗ-м и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэухукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэухукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2-нэ статьям, апхуэдэу «Я полномочиехэр зэрикІам кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэ хэхакІуэ комиссэу 2015 гъэм кьызэрагъэпэщыжьын хуейхэм я Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м кьищта унафэ №123/1-5-м я пкъыгьо ІткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Шэджэм щІыналъэ хэхакІуэ комиссэр кьызэгъэпэщын унафэ къэзыщтхэм ящыщу щІыхьи 7 хэту икІи абы хэгъэхьэн:

1) Бабаевэ Зухра Іэмин и пхъур, 1960 гъэм кьалъхуар, юридическэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, пенсионерыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ Шэджэм щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм кьигъэлъэгуар;

2) Балэ Борис Мухьэмэд и къуэр, 1950 гъэм кьалъхуар, курыт профессиональнэ щІэныгъэ зиІэр, пенсионерыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ кьудамэм и Іэнатіэу Шэджэм районым щыІэм кьигъэлъэгуар;

3) Бекъан Хьэдис Хьэсэн и къуэр, 1971 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, «Тринада» ООО-м и унафэщІыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысейм и патриотхэр», политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм кьигъэлъэгуар;

4) Бетыгъуэн Исльам Хьэбил и къуэр, 1985 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ингуш Республикэмрэ я мэкъумэш кооперативхэм я «ЗэдэІэпыкъуныгъэ» къэпщытакІуэ союзым и ревизорыр-консультантыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Закъагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щІыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кьигъэлъэгуар;

5) КІэдыкІуей Джульеттэ Барэсбий и пхъур, 1968 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Шэджэм щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал кьулыкъу зыІыгъыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэджэм муниципальнэ районым щыІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым кьигъэлъэгуар;

6) Къарэмызэ Хьэсэн Музарифэ и къуэр, 1955 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэджэм муниципальнэ районым хыхьэ Шэджэм ЕтІуанэ кьуажэм дэт «Курыт еджапІэ №3» егъэджэныгъэмкІэ муниципальнэ Іэухущапіэм и унафэщІыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм кьигъэлъэгуар;

7) Кьардэн Асльэн Сэлэдин и къуэр, 1975 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, «Рассвет» ООО-м и унафэщІыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ ЛДПР - Урысейм и Либерал-демократие парт политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм кьигъэлъэгуар.

2. Мы унафэр цІыхубз хьыбарегъащІэ Іэухущапіэхэм кьытрегъэдзэн икІи Интернет хьыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

Шэрэдж щІыналъэ хэхакІуэ комиссэ къызэгъэпэщыным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъаэм и 24-м Налшык къалэ №125/8-5

Шэрэдж щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хагъэхьэнухэм я кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и Іыхуэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іэухукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральэ закон №67-ФЗ-м и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэухукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэухукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2-нэ статьям, апхуэдэу «Я полномочиехэр зэрикІам кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэ хэхакІуэ комиссэу 2015 гъэм кьызэрагъэпэщыжьын хуейхэм я Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м кьищта унафэ №123/1-5-м я пкъыгьо ІткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Шэрэдж щІыналъэ хэхакІуэ комиссэр кьызэгъэпэщын унафэ къэзыщтхэм ящыщу щІыхьи 7 хэту икІи абы хэгъэхьэн:

1) Анахаев Тимур Мыхьмуд и къуэр, 1983 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, «МСК-07» ООО-м щыІ ІэухуэкмкІэ и техникыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысей зэкъуэтым и ЩІэблэщІэ Гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм кьигъэлъэгуар;

2) Гъуг Іонэ Лиуан и кьуэр, 1964 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, «Водоканал» управленэ» муниципальнэ Іэухущапіэм шынагъуэншагъэмкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щІыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кьигъэлъэгуар;

3) Кадыровэ Любовь Владимир и пхъур, 1947 гъэм кьалъхуар, курыт профессиональнэ щІэныгъэ зиІэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ кьудамэм и Шэрэдж район Іэнатіэм кьигъэлъэгуар;

4) Ногеровэ Маринэ Шэкъмэн и пхъур, 1974 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ МВД-м Ведомствэм и хьумакІуэ управленэм и кьудамэу Шэрэдж районым щыІэм и инженерыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ ЛДПР - Урысейм и Либерал-демократие парт политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм кьигъэлъэгуар;

5) Чеченов ТІэхьир Георгий и кьуэр, 1975 гъэм кьалъхуар, юридическэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэрэдж муниципальнэ районым хыхьэ Къэщхьэтау поселкэм и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм кьигъэлъэгуар;

6) Щэрыгъжь Руслан Лъостэнбий и кьуэр, 1953 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и дэІэпыкъуэгъэр, муниципальнэ кьулыкъущІэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэрэдж муниципальнэ районым щІыналъэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым кьигъэлъэгуар;

7) Эфендиев Заурбэч Ахия и кьуэр, 1957 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Шэрэдж щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал кьулыкъу зыІыгъыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ Шэрэдж щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм кьигъэлъэгуар.

2. Мы унафэр цІыхубз хьыбарегъащІэ Іэухущапіэхэм кьытрегъэдзэн икІи Интернет хьыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

Май щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и кьулыкъум ягъэувын папщІэ къыхалъхьа кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и цІыхуэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іэухукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэухукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэухукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 8-нэ статьям и Іыхьэ 5-м я пкъыгьо ІткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

Налшык къалэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІыр гъэувыным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъаэм и 24-м Налшык къалэ №125/12-5

Налшык къалэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и кьулыкъум ягъэувын папщІэ къыхалъхьа кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и цІыхуэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іэухукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэухукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэухукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 8-нэ статьям и Іыхьэ 5-м я пкъыгьо ІткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и кьулыкъум ягъэувын папщІэ къыхалъхьа кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и цІыхуэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іэухукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэухукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэухукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 8-нэ статьям и Іыхьэ 5-м я пкъыгьо ІткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

Прохладнэ къалэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІыр гъэувыным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъаэм и 24-м Налшык къалэ №125/14-5

Прохладнэ къалэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и кьулыкъум ягъэувын папщІэ къыхалъхьа кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и цІыхуэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іэухукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэухукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэухукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 8-нэ статьям и Іыхьэ 5-м я пкъыгьо ІткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

Тэрч щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІыр гъэувыным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъаэм и 24-м Налшык къалэ №125/15-5

Тэрч щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и кьулыкъум ягъэувын папщІэ къыхалъхьа кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и цІыхуэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іэухукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэухукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэухукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 8-нэ статьям и Іыхьэ 5-м я пкъыгьо ІткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

Шэджэм щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІыр гъэувыным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъаэм и 24-м Налшык къалэ №125/16-5

Шэджэм щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и кьулыкъум ягъэувын папщІэ къыхалъхьа кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и цІыхуэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іэухукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэухукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэухукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 8-нэ статьям и Іыхьэ 5-м я пкъыгьо ІткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэ къызэгъэпэщыным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъаэм и 24-м Налшык къалэ №125/9-5

Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хагъэхьэнухэм я кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и цІыхуэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іэухукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральэ закон №67-ФЗ-м и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэухукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэухукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2-нэ статьям, апхуэдэу «Я полномочиехэр зэрикІам кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэ хэхакІуэ комиссэу 2015 гъэм кьызэрагъэпэщыжьын хуейхэм я Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м кьищта унафэ №123/1-5-м я пкъыгьо ІткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэр кьызэгъэпэщын унафэ къэзыщтхэм ящыщу щІыхьи 7 хэту икІи абы хэгъэхьэн:

1) Будаев Щамил Муниамин и къуэр, 1975 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым кьэзыпщытэ-кьэзыбж и палатэм и унафэщІыр, муниципальнэ кьулыкъущІэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щІыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кьигъэлъэгуар;

2) Джапуев Даниил Мэжид и къуэр, 1958 гъэм кьалъхуар, юридическэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал кьулыкъу зыІыгъыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм щыІэм кьигъэлъэгуар;

3) Джаппуев Тенджизь Магомед и къуэр, 1981 гъэм кьалъхуар, юридическэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, ПІалъэкІэ мылажьэу щысыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «ЩхъуантІэхэр» Урысей экологие партым и щІыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кьигъэлъэгуар;

4) Жабоев Сулимэн Магомет и къуэр, 1958 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, «ПашкІутІэ кьуажэм и курыт еджапІэ» муниципальнэ Іэухущапіэм и унафэщІым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэухуэхмкІэ и кьуэдзэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щыІэ «ПашкІутІэ кьуажэм и курыт еджапІэ» муниципальнэ Іэухущапіэм и лэжьакІуэхэм я зэІущІэм кьигъэлъэгуар;

5) Кьардэн Юрий Поло и кьуэр, 1961 гъэм кьалъхуар, нэмыгъэса щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и «Сабий-ныбжьыщІэ спорт школ» муниципальнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым спортымкІэ и кьуэдзэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм кьигъэлъэгуар;

6) Кьардэн Татьянэ Пётр и пхъур, 1957 гъэм кьалъхуар, юридическэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым балигъ мыхьуахэм я Іэухуэхмэр абыхэм я хуитыныгъэхэр хьумэнымкІэ и комиссэм и ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэр, муниципальнэ кьулыкъущІэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ ПДПР - Урысейм и Либерал-демократие парт политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм кьигъэлъэгуар;

7) Соттаев Шарафий Кьасым и кьуэр, 1941 гъэм кьалъхуар, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Тырныаузэ щІыналъэ Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и «Курыт еджапІэ №3» муниципальнэ Іэухущапіэм и егъэджакІуэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ кьудамэм и Іуащхьэмахуэ район Іэнатіэм кьигъэлъэгуар.

2. Мы унафэр цІыхубз хьыбарегъащІэ Іэухущапіэхэм кьытрегъэдзэн икІи Интернет хьыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

Дзэлыкъуэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІыр гъэувыным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъаэм и 24-м Налшык къалэ №125/10-5

Дзэлыкъуэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и кьулыкъум ягъэувын папщІэ къыхалъхьа кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и цІыхуэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іэухукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэухукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэухукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 8-нэ статьям и Іыхьэ 5-м я пкъыгьо ІткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэ шууейхэр Филипполь алыдж къалэм и уэрамым ироКІуэ. *1865 гъэ*

(КІэухыр.
Пэщіэдзэр №№1, 3, 5 - 6-хэм итщ).

ХьэтІохъущокъуэр езыр къэбэрдеипщт. Абы зэрихьэ псори унафэщІхэми пщым и Іуэхухэр щыізэфІих щІыпІэр зи нэІэ щІэт 16-нэ къэзакъ шуудзэм и гарнизони ящІэрт. И лъэпкъэгъуэхэр урысхэм жыІэдаІуэ яхуищІын папщІэ Бытырбыху кърагъэкІыжа пщым зэхищІыхьхэм Кавказым ис къулыкъущІэхэр зэгуГъэпырт. Пщыр зыми хуемыпІъэкІыу и щхьэ и унафэкІэ псэурт, урыс дзэзешэхэм захуимыгъэлъахъшэу. Абы гурыщхъуэ хуащІырт урысхэм епцІыжауэ, а Іуэхум ипкъ иткІи нэхъыщхьэхэм бзэгу хуахь зэпытт. Мис, псалъэм папщІэ, Исмэхьил теухуауэ Булгаковгенералым и унафэщІхэм яхуитхыр:

«Си дзэр сщІыгъуу Къэбэрдейм сыщыщІэм хъыбар къыісхуахьащ пщы ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил полковникым щхьэзыфІэфІу езым и унафэ щІэтхэмрэ еІуящІэ гупрэ зэхуишэу, Константиногорск деж, Бещто и Іэгъуэблагъэм ит мэхэм, нэгъабэрейм ещхьыкъабзэу фІы зигу имылъ щІыху къуейщІейхэм зыгъэпщкІуПІэ яхуэхъу къуажэ щиухуауэ. Си къалэн пажэу сольытэ Іей скори и щІэдзапІэ дыдэм деж щызгъэкІуэдыжыныр, абы къыхэкІыу 16-нэ къэзакъ шуудзэм и полковник Курнатовскэм унафэ хуэсщІащ хьэкІэжъуэкІэхэм я гъуэфІэкІа зыфІымыщыфыну а къуажэр зэтрикъутэпэну»...

«Павел Петрович игу ириубыда ухуят ягъэса къуажэхэм я цІэхэри къуажэдэсхэм ебгъэрыкІуэ зауэлІхэм зэхащІыхьхэри, а псори Лермонтовым жриІэжа къыщІэкІынт. Офицер щІалэм, хэкІудахэм игу ящІэрэурти, езым зыхищІар усакІуэ щІалэми игу иритлъхьэфащ», - етх Вырыпаевым, си гугъу ищІ къэхъукъащІэм тепсэлъыхь поэмэм щыщ пычыгъуэр къихьуэр:

Ес къуажэ гупыр, бийм І эщІэмыкІыфу,
ХокІуэдэжьпэ Хэкум и быныфІхэр,
МафІэс мыухым, гъуэбжэгъуэщ нэхъей,
Пшэр игъэуфІыщІу, нэр егъэгужьей.
И текІуэныгъэр мыжурэпэм фІэлъу,
Бжэр Іуетхъ заузлІу къэкІэкхъуэкІэ
Іэлым:
Сабийхэри лІыжь кхъахэри еукІ;
Анэ ныбжьыщІэ хьэмэ хъыджэбз
цІыкІу -
КъыІэрыхьам, лъы Іэгукіэ йодэхащІэ...

Вырыпаевым ХьэтІохъущокъуэм бийм и нэкІэ узэрыІуигъаплъэм нэмыщІ, ар къыдэзыхьэхыф лІыгъэм и сурэтри уегъэлъагъу, поэмэмрэ гъащІэмрэ я зэхуаку гъунапкъэшхуэ зэрыдэмылъым гупсысэкІэ ухуиІэу.

Гупльытэ хуэфащэщ поэмэм и зэхэлъхьакІэм декабрист Якубович ижь къыщІихуауэ зэрыжаІэми. Урысыдзэм хэта, Кавказым щыщ зэкъуэшитІ зэрыуКІыжу къэбгъэлъэгъуну тхыгъэ зэхэплъхьэ зэрыхъунур и ныбжьэгъу тхакІуэм хуигъэхъыбар пэт, декабристым «псалъэм папщІэ» хуэдэу, мыхьэнэ Іуп щІым хуумыхьыфыну псалъэухакІэ Мысост Рослъэмбэч и цІэр къеІуэ. Поэмэми Исмэхьил-бей Рослъэмбэч иуКІауэщ зэрыхэтыр. А ІуэхугъуитІыр зэпащІэри, ГъащІэми къыщыхъуар ардыдэрауэ хуагъэфащэ литературэджхэм я нэхъыбэм. Якубович и тхыгъэр тегъэщІапІэ пщІым хуэдэу зэхэхауэ зэрыщымытым тепсэлъыхьащ ищхьэкІэ зи цІэ къитІуа Тыгъуэн Рашади. Ауэ щІэныгъэлІым нэхъ дзыхьщІыгъуэджэжу Іуэхум нэгъуэщІ тхыгъэ къыхелъхьэ, ар и тегъэщІапІэу иджы ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил Мысост Рослъэмбэч иуКІауэ къыщІигъэдзу. Совет лъэхъэнэм Іуэху къызэрыгугъКІ хуэдэу щытт пщыхъм я цІэ бгъэуПъыиныр, ара къыщІэкІынщ ХьэтІохъущокъуэ зэхъуэзыхъэм фэ Іей къатезыгъауэ тхыгъэхэр щІэбэгъуар. Нобэ хуиту дыпсалъэ хуэдэу щыщыткІэ, тхыдэм лъэужь дахэ къыхэзына лІы махуэхэм я теуухауэ гурыщхъуэ къытхуэмыныкъэр тфІэигъуэт.

Псыхуабэ деж «Каррас»-кІэ еджэу (нобэ - Иноземцево) Шотландием щыщ дин къыхуеджакІуэхэм я колоние щытащ, Кавказым щыпсэухэр чыристан ящІыным щыгугъуу, 1802 гъэм Александр Езанэм и унафэкІэ кърагъэтІысхьауэ. Тыгъуэн Рашад и «Измаил-бей» тхылъым къыщежь а къуажэм и тхьэмадзу щыта Патерсон Александр Урысейм къэрал кІуэцІ ІэхухэмкІэ министр Козодавлев Осип 1813 гъэм хуригъэхьа тхыгъэм щыщ пычыгъэу: «Ди гъунэгъуэм, псом хуэмыдзу къэбэрдейхэм, егъэлеяуэ дыкъулейуэ къащохъу, тхьилъымПІэ ахъшэ щІэрыпсхэр къыздитхыр къагурымыІуэу. Ахэр дэ езым теддзэу хуагъэфащэри, сыт щыгъуи ахъшэ ди куэд я гугъэщ. Абы къыхэкІкІэ, пщитІым дагъэшынэну хэтащ, дахэунщІэн я мураду, уеблэмэ къыздэгъэрыкІуэну гъуэгу къытехьакІэт, ауэ Тхьэм гущІэгъу къытхуищІри я мурад щІэнхъаджэм дыІэщІихащ. Зым и цІэр Радочуке Огле Арстон Бейщ, е, урысхэм зэрыжаІэм тету - Арстар Бей Мозуст. Ар 1812 гъэм, щыщылъэ мазэм и Іыхьлы Исмэхьил-бей ефэешхэм иригъэблагъэри, езыр щыту иригъэхьІауэ щытащ. Езы Исмэхьил абы иужькІэ куэд дэмыкІыу Гумкъалэ щыІлащ; тІури урысыдзэм полковникыу хэтащ». «Каррас и тхьэмадэ Патерсон Александр жиІэм дзыхь хуэщІыпхъэщ», - трегъэчныныхь Тыгъуэным.

Ялэрауэ, Патерсон мыр зэриптхэ бзэр тщІэркъым, Рослъэмбэч и цІэр мы зэрытлъагъум хуэдэу хуэбзэмыІуу, Исмэхьил-бей ейр Іупщ Іу къыщІэкІэури зыми къыбгурыгъаІуэркъым. ЕтІуанэрауэ, - ар икІи гу нэхъ зылъытапхъэ Іэхущ, - Патерсон Александр зи жыІэ уи фІэщ пщІы хъун хуэдэ нэрыбгэу зэрыщымытар къызэхъщ дэфтэрэхэр нэхъыбэщ, ХьэтІохъущокъуэ зэкъуэшитІыр зэм зэбгъурыту гъуэгум хъунщІакІуэу теуВэу, зэм ефэ-ешхэ зэдыхьихьэрэ зэрыкъІыжу уи фІэщ зыщІыфхэм нэхърэ. ЖытІэм и щыхьэту къыдохь 1835 гъэм Николай Езанэм «Кавказ бгы лъапэхэм деж щыт Шотланд колонием, муслъымэнхэмрэ мажусийхэмрэ чыристан диным ирашэну хуит ящІахэм и Іуэхухэ» ищІа унафэр:

«Зи гугъу тщІы колонием илъэс зыбжанэ хъуауэ къыщыхъу Іэуэлъауэхэр зи Іэужьыр а къуажэм и тхьэмадэ цІэр хуэмыфащэу зыфІэзыщыжа Патерсон Александрщ. Къаугъэ къыщэригъэхъеирейм, щы Іуэхукіи псэуПІэ Іэухукіи колонистхэм лей зэрарихьи ипкъ иткІэ, Патерсон Каррас игъэІэпхъукІын хуейуэ къыщэольытэ».

Патерсон щІы зытрилъхьэр ХьэтІохъущокъуэхэ я деж щиухыркъым. Кавказ хэкурысхэр, псалъэм папщІэ, адыгэхэр, иджыпсту чыристан диным ирашэну къыхуезыджэхэм къагъэсбэп абы Нэгумэ Шорэ хуэмыфащэу хужиІэу тригъэІукІа псалъэхэр. Ар къыхоу тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Краснокутская Лидие «Урыс планетэ» Интернет сайтым 2015 гъэм щыщылъэм и 3-м ирита интервьюм: «Къэбэрдей узэщІакІуэ Нэгумэ Шорэ Патерсон Александр зэгуэр жриІауэ щытащ ар «чыристан диным ихьэным хуэхъэзыру, ауэ и лъэпкъэгъуэхэм къаззэрыгурымыІуэным къыхэкІкІэ къигъанэу».

А пцІыр здынэсри Патерсонрэ абы и лэжьэгъуэхэмрэ я зэфІэкІыр зыхуэдизри къыбгурегъаІуэ Николай Езанэм и унафэ ищхьэкІэ къэтхьам и адрей Іыхьэм: «Колониемцыпсэухэм илъэс 32-м и кІуэцІкІэ бгырысхэм ящыщу цІыхухбгу фІэкІа чыристан диным ирашэфакъым, 1828 гъэ лъандэрэ зы нэрыбги чыристаныгъэр къыгъэщтэфакъым. Ауэ щыхъукІэ, Осетием щылажьэ къыхуеджакІуэхэм илъэс пщыкІублым и кІуэцІкІэ цІыху мин 70-м жорыр къабыл ирагъэщІащ, а псом къегъэлъагъуэ колонием и щІым щыхэдгъэхъуэн щхьэусыгъуэ зэрыщымыІэр».

Абы ищІыІужькІэ, Нэгумэ Шорэ и фІэщхъуныгъэр фІыуэ къыхощ а зэман дыдэм Каррас щыпсэуа Глен Уильям и гукъэкІыжхэм. Глен къеІуэтэж тэтэрбзэ зыщІэу миссионерхэм яхэта Галлоуэй Джеймс «Инджыл» уззэгъэджар дауэ къыпщыхъуа жиІэу Шорэ щеупщІы, Нэгумэм абы жэуап къритар. «Тхылъым къызыхуриджэ щыІэфІагъым дэзгъуэІакъым, - къыжриІэжащ абы Шорэ, - ауэ Тхьэм бын иІэу плъытэнэр акъылми къищтэркъым, уи фІэщи хъуркъым». Уи акъылым къимыщтэми, уи фІэщ пхуэщІынущ ар, жаІэу щыхагъэзыхьым: «Ар си фІэщ хъункІи хъунур зэрыщІыкІырэ а гупсысэм щІапІыкІа фи сабийхэращ, Тхьэр зэрызэхъуэр зыщІэ муслъымэным ар зэи къабыл ищІынукъым», - яжриІэжащ. ХущІыхьэр а хъыбарым къыщеджэфынущ Глен Уильям 1823 гъэм Лондон къыщыдигъэкІа «Journal of a tour from Astrachan to Karras» тхылъым.

Іуэхум щымыщ хуэдэу зи гугъу тщІын хуей хъуа Нэгумэ Шорэ и гукъэкІыжхэр икъукІэ сэбэп мэхъу ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьилрэ абы и къуэшхэмрэ я лъэхъэнэри ищхьэкІэ зи гугъу тщІа зэхъуэкІынигъэхэр къыщыхъуа адыгэ цІыхубзм я зэхэтыкІэу щытари уи нэгу къыщІэбгъэхьэнымкІэ, сыту жыпІэмэ, Шорэ къыщалъхуар Исмэхьил ихуха Хьэжьыхьэблэрт.

«Зи гугъу тщІа ХьэтІохъущокъуэ Адэлджэрийрэ Абыкъу Исхьэкъэрэ, - щыжеІэ Шорэ и тхылъым, - къэбэрдей лъэпкъыр шэрихьэт хабзэм трашат: щІэпхъаджащІэхэр, зэхащІыхьам елъытауэ, е якІырт, е я Іэпкъ-лъэпкъым удын тралъхьэрт. Тезырэр мыпхуэдэу зэхидзырт: дыжьын сом нэхърэ нэхъ мащІэ зыдыгъуам и Іэ сэмэгур пауПщІырт; сомищэм щІигъу зыдыгъуам - и Іэ жкъымрэ лъакъуэ сэмэгумрэ; зинэ зыщІакъэ яуКІырт. Мылькъумрэ цІыхур зыхуитымрэ пыщІа псори, пщы-уэркъхэмрэ пщІилкъэмрэ я зэхуаку къыдэхъуэ Іэзхухэри дин хабзэм тету ягъэзащІуэрт. А унафэм лъэпкъым фІы куэд къыхудэкІуащ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ абдежым щегъэжьауэ дэтхэнэ зыми хабзэншагъэ зэрихьэну шынэ хъуащ».

Шорэ дытепсэлъыхьын хуей щІэхъуа щхьэусыгъуэм дгъэзэжмэ, Исмэхьилрэ Рослъэмбэчрэ зыр адрейм теухуауэ зэрыхейр Іупщ Іу къыхоущ 1837 гъэм Кавказым къулыкъу щызыхьа полковник Чайковский П. П. и гукъэкІыжу Косвен къихьым: «Ди дзэм и полковник, къэбэрдей щІалэ ахъырзэман Мысост Рослъэмбэч - европей щІэныгъэ иІэу, Александр и тыгъэхэмкІэ щІигъэнарэ кавказ къулыкъущІэхэм ягъафІэу щытар, ПсыжьадрыщІ икІщ, бгырысхэр къызэщІигъэхъаери, и теуэ гуащІэхэмкІэ урысхэр игъэгулэзу екІуэкІащ. Ар и благъэ гуэрым Іулъхьэкіэ едгъэукІыжауэ щытащ».

Гу зэрыльытэгъуафІэщи, зэкъуэшитІым я бину щыт Рослъэмбэчрэ Исмэхьил-бейрэ усакІуэм зэрызэпэщІигъэувам тхыдэ лъабжьэ гуэр иІами, нэхъыбэр Лермонтовым къехъулІа литературэ Іэмал къудейуэ лъытэн хуейщ. ИщхьэкІэ къэтхьа щапхъэхэм къагъэлъагъуэ Рослъэмбэч Исмэхьил иуКІауэ е Исмэхьил Рослъэмбэч Іэщ Іэкіуэдауэ ди фІэщ ящІыну зэрыхэт тхыдэ щыхьэтхэр зэрыльэхьэкІыгъафІэр.

Ар щІэхъуэпсырт Къэбэрдейр Урысейм хуэзыгъадэ мамырыгъэм

Къэфшийуэ фи фыгъуэнэдыІэр
Ди гъащІэр щхьэ зэтефкъута?
Дыкъулейсызщи; къыдата
Ди хуитныгъэр, ди мэзыжьхэр
Зэрыдмытынурщ дыщэ плъыжькІэ;
ЗэрыдгъэльапІэрщ дигу етауэ
ГуущІыІэу фэ фызэльэпауэр!

Лермонтов, «Исмэхьил-бей»

КІЫХЬЫІУЭ тфІэхъуа ди тхыгъэр ХьэтІохъущокъуэм теухуауэ тхыдэджхэм дыззращыгугъ тхылъ Іувыфым хуэтщІа пежьэ къудейщ. Ауэ ныкъузкІыу дыкъымынэн папщІэ, псалъитІ-щыкІэ и гугъу тщІынщ ХьэтІохъущокъуэр Кавказыр жыхьэмэ гъуэгу зыхуэхъуа урыс генералхэм я Булгаков Сергей зэрыпэщІэтами.

ЗэрыжытІащи, Исмэхьил пащтыхьым и унафэкІэ хэкум къагъэкІуэжат, и лъэпкъэгъуэр урыс тетыгъуэм жыІэщІэ яхуищІын плъапІэкІэ. Езыри зи акъылэгъу а Іуэхум и зэфІэхыкІэр абы мыпхуэдэ щыкІэу ильагъурт: Кавказ лъэпкъхэр игъащІэ лъандэми зэзыгъэдаІуэ къэбэрдейхэм я деж урысей хабзэр щызэтеувэмэ, адрей лъэпкъэри Іэуэлъауэншэу Урысейм и жьауэ щІэныгъэр. Арщхьэкіэ урыс къулыкъущІэхэм жаІэмрэ ящІэмрэ зэтехуэрэтэкъым. Абыхэм я мурадтэкъым Кавказыр, Къэбэрдейр я пашэу, Урысейм и щІыналъэ щхьэхуэу къагъэнэныр: мамырыгъэ лъыхуэу хуэдэу жаІэ щхьэкІэ, бгырыс лъэпкъэр зэфІэгъэнэжыныр, я зэхуаку къаугъэ дэлъхьэныр я зэрыпхуэкІуэ Іемалхэм язт. Исмэхьил щІэтхъэусыхэ Іуэхум я нэхъыщхьэр арат - къэбэрдейхэм я унафэм щІэту къекІуэкІа лъэпкъэр ягъэжакъуэурэ, Кавказ щІыналъэр хабзэншэ зэрыхьуар. АрщхьэкІэ хэтыт пщІыр зыхуэтхъэусыхэр? ЗыхэпсэукІын къызыхуамыгъэна бгырысхэр бэлэрыгъаеу Іэбху, урысыдзэм щхьэусыгъуэ игъуэтырт езым и хуэщІэтеуэхэм зригъэукъуэдиину. Абыхэм я зы щапхъэщ 1810 гъэм Булгаковым Къэбэрдеймрэ Псыжьадрыщ Ірэ щыщ къуажэ щІэт і зэрызэтригъэсхьар.

Исмэхьил и Іэдакъэщ Іэкіыу хуагъэфащэ Булгаковым лей зэрызэрихьар пащтыхьым лъэІэсыжьын хуэдэу, адыгэпщхэм, уэркъхэм, ефэндыхэм, «къэбэрдей щІыхуБ псом» къабгъэдкІыу Вердеревский Николай хуагъэхьа тхъэусыхафэр: «Дызэрыт 1810 гъэм зиусхэн генерал-аншеф Булгаковыр щІыхь зиІэ императорышхуэм и дзэр зэхуиушэри зэшэзэпІэу къыттеуащ, ди унэхэм мафІэ ящІидзэри зэтригъэсхьащ, щІэлъыр иригъэдІыгуащ, щІыхуэхэр ищІащ, щІышхуэу 6150-рэ, шыуэ 515-рэ, хыву 125-рэ, мэлу 44 015-рэ, гъуапІъэ хьэкъущыкъуу пут 6310-рэ, фоуэ пут 5895-рэ, афэ джанэу 52-рэ, фочу 180-рэ, сэшхуэу 300, къамэу 145-рэ, дыжьын ахъшэу 2900-рэ, дыжьын сом 5800-рэ зи уасэ хьэпшып, хугу иПъу гу 1420-рэ ттрихащ. Къундетхэрэ Тамбийхэрэ я щІыхуу нэрыбгэ 31-рэ яуКІащ, унэу 9895-рэ ягъэсащ, таж 31-рэ яштащ, мэжджыту 111-рэ зэрызэпсыхьу псэупІэу 1000-м мафІэ щІадзэри хагъэкІуэдэжащ, гъэру нэрыбгэ 41-рэ яубдащ, абы ищІыІужкІэ зи бжыгъэр пхуэмыІуэтэн хьэпшып ящтащ. А жытІэр зэрыпэжым шэч къытумыхьэ. Абы ищІыІужкІэ шэшэнхэмрэ къэзакъэмрэ ядыгъуам пэкІуэу дэ шы 1000-рэ Іэщ ышхуэу 500-рэ къуэдыуэ дигъэтауэ иджы щІытІэгъэни тшхыни диІэжкъым, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, и хъунщІэтеуэр гъатхэ вэгъуэм хуигъэзащ. Дытхьэджэу, дэри зи щІыхьыр ин императорым дриІыхущ, абы и хьэтыркІэ гущІэгъу къытхуащІи гъавэ хэдгъаэ, ди напэр тумых, думыгъэунэхъу жьпІэу делъэІуами, ди хьэтыр ильэгъуакъым, иджы куэд дэмыкІыу щІыхуэхэр мэжащІалІагъэм илІыкІыну щхьэщІэкІынщ...»

Пащтыхь Александр апхэздиз гущІэгъунщагъ къэзыгъэльагъуэ и генералым кІигъэІэбжьат. «Булгаков-генералыр и къалэным ебакъуэри щІыхуГъэм и гъунапкъэм иКІащ», - хуитхащ пащтыхьым а Іэхум теухуауэ дзэзешэ нэхъыщхьэ Тормасов Александр.

Генералым и Іуэхур зэхигъэкІын папщІэ, пащтыхьым Кавказым къигъэкІуэ Вердеревский Николай къыщысам, Исмэхьил Булгаковым игъэтІысауэ хьэпсым ист. ХьэтІохъущокъуэм сыхьэтитІкІэ епсэльылІа нэхъ, пщыр къригъэуТІыпщыжам и мызакъуэу, кІэлъыплъакІуэм Булгаковым хуащІ гурыщІхъуэхэр зэхигъэкІащ. Вердеревскэр зи пашэ къулыкъущІэхэм къыщІагъэща мыхъумыщІагъэхэм иужькІэ, генералыр пащтыхь хъарзынэлъэм зэретхъэкъуамкІэ ягъэкъуэншэу трагъэкІри, 1810 гъэм и дыгъэгъаэзэм Бытырбыхэу яшэжауэ щытащ.

Гъэщ Іагъэнэщ Булгаковым лІэкІэ хуэхъуам теухуауэ урыс Іэщэм и уэчыІ Красницкий Александр «Кавказ ягъэІэса» тхылъым щыжиІэр:

«...абы Урысейм Дербенти, Кубэри хигъэхьащ, гъэзийкъымыхъухэр игъэбэяуащ, итІанэ Шэзэнэр зэрамыгъэкъуэнша къэунэж! Къэбэрдейр емынэ узым иубыда - зи лажьэр Булгаковращ! Бгырысхэр еуэеуэу Гъунапкъэм къытеуэрэ - зи лажьэр Булгаковращ! Гумкъалэ мафІэс къыщыхъуа - зи лажьэр Булгаковращ! Шхий нэхъ зи мыхьэлъагъ Іуэху мыфэмыцхэр абы щытралъхъэ тхыгъэхэр мыувыІэу Бытырбыху лъатэхэрт. ЛІыхъэжьым зиухеижьыну зыхуигъэфэщакъым. 1811 гъэм къулыкъум трагъэкІа нэужь, абы и щхьэм лъы дэуейри дунейм ехыжауэ щытащ».

Езы Исмэхьил дунейм зэрехыжар нобэми Іупщ Ікъым. ХьэхъупащІэ Амырхъан и уэрэдыжьыр зытеуха Исмел-псыгъуэр арар пэжмэ, уэрэдым дэщІыгъуу хъыбарым ар зауэ ІэнатІэ Іуту хэкІуэдауэ къыхощ. ЖэуаппыухыкІа къызыхуимыгъуэт упщІэм топсэлъыхь Косвен Марки:

«Кавказ генералхэм я тхыгъэ зэІуамыбзхэм хъуымылъагъуКІыжьфІ ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил и ІэнатІэгъэр нобэми къуажэхь пэлъытащ, - жеІэ щІэныгъэлІым. - Абы и жор-вагъуэр Бытырбыху 1812 гъэм и мэлыжьыхьым ирагъэхьажкІэт, абы къыхэкІыу, езыр 1811 гъэм и кІэм е 1812 гъэм и пэм дунейм ехыжауэ хуагъэфащэ къудейщ. 1811 гъэм Кавказ гъунапкъэм и нэхъыщхьэ Тормасов Александр зигъэхьэзырт ХьэтІохъущокъуэр къэбэрдейхэм къабгъэдэкІыу Кавказ гъунапкъэм къыщызІуахыну я мурад щэн-къащэхунымкІэ комитетым и унафэщІхэм яз ищІыну. Абы хунэмысу дунейм ехыжащ пщыр...

ХьэтІохъущокъуэмрэ Булгаковымрэ зэрызэпэщІэтам и гуащІагъымрэ а «Кавказ гъэІэсакІуэм» и икІагъ гущІэгъунщэмрэ ущыгъуаззэмэ, Исмэхьил дунейм ехыжа нэужь, кІэщІу Росльэмбэч зэрыгъэкІуэда Іэмалри пщІэмэ, гугъуэкъым уи нэгу къыщІэбгъэхьэну ди лІыхъужьым лІапІэ хуэхъункІи хъуну щытыгъар», - нимыгъэсыпэми, и щхьэ треч Косвен пщым и лІэкІэу хуигъэфащэ Іуэхум.

А гупсысэм гъэщІэгъуэну зрегъэубгъу тхыдэ щІэныгъэлІ Къармэ Руслан: «Зззэмызэ цІыхум и лъагагъыр абы и бийхэмкІэ къыбощІэ. Исмэхьил и жагъуэгъуэхэм я цІэхэм къегъэльагъуэ абы цІыхубзм я деж пщІэуэ щиІам и инагъыр. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдейм къэкІуэжа нэужь, абы гуащІэу къебиящ Къэбэрдейм и пристав нэхъыщхьэ Дельпоцо генерал-майорыр, Кавказым щыІэ урысыдзэм и унафэщІ Булгаковыр, Кавказым и губернатор Картвелин сымэ, - жеІэ Къармэм. - Нейуэ къеплъыт Исмэхьил-бей Цициановри. Исмэхьил урысыдзэм къарукІэ пэщІэувэну зигъэхъэзырт къым, и лпъапІэхэр экономикэрэ политикэ ІэмалкІэ зыІэригъэхьэну хэтт, ар нэхъ Іейт Урысейм и дежкІэ. УнафэщІэм къагурыІуэрт абы Къэбэрдейр зэкъуигъэувэну зэрыхэтыр, абы къикІыр Къэбэрдейр нэхъ лъэщ хъунрат. Урыс къулыкъущІэхэм нэмыщІ ар япэщІэувэн хуей хъурт езым и лъэпкъэгъуэми».

1808-1811 гъэхэм я зэхуакум хуоэз Дельпоццо-генералым къэбэрдей ефэндыхэм хурагъэхьа тхыгъэр:

«Жанхъуэт Кушыкурэ ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьилрэ зэпаубыда Іуэхум теухуауэ зи щІыхьыр иным дынолъэІу ди хейщІапІэм зи гугъу тщІы Исмэхьил къытхуэбгъэкІуэну, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ зи щІыхьыр иныр ущыгъуаззщ ефэндыхэм ди къалэным: Урысейм и щІы Іыхьэм зыгъэр щыдыгъуауэ яхуабдзам, ар ди хейщІапІэм утыку къыщитшэн хуейщ, къуадзэ тетпъхьэу е хьэпсым иддзэу, апхуэдэ щІыкІэу дызыщІэт унафэр дгъэзащІэу. Аращи, ди хабзэм зэран фхуэхуэхъун фимымурадмэ, пщы Исмэхьил къытхуеварэшэ, а Іуэхур вгъэгувэмэ, дэ, ефэндыхэр, дывмыгъэкъуэншэж, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, дэ хьжьыхэр къытхэтщ, муслъымэн пащтыхьым и жьауэ дыщІэтщ, абы фэ фи пащтыхьым зауэ зэрыдригъэкІуэкІми дыщІигъуаззщ. Ауэ дыщІывдэлажьэр ди хабзэм и гугъу зэрывмыщІращи, иджыри абы фхэсмыІэбэр пэжмэ, ХьэтІохъущокъуэр ди хейщІапІэм къевгъашэ, «хьэуэ» жыфІэрэ, дывмыгъэкъуэншэж».

Мы дэфтэрым иупх хъуну къыщІэкІынщ Исмэхьил езым и щхьэкІи и унафэщІхэм яжриІауэ зэрыщытар, Кавказым и губернатор Вердеревскэм и Іуэхуу зэрыщІэм къыхэкІыу, зэманкІэ щыпсэу зэрымыхъунур...

Мис аэрат хуигъэтІылъар и Хэкум!
Зыхуейр къэхъуащ! ИхьакІэщ и
жэнэтым,
Дунейр щыщІалэу щІылъэр
щыщІэращІэм,
Арщхьэкіэ цІыхухэм... щІылъэр
къафІэІуэху?
И къуэшым Іэплі экІэ пежьа
къэкІуэжагъащІэм
Фыгъуэмрэ пщІымрэ щхьэр
щІрагъэхьэф...

«ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил щІэхъуэпсырт Къэбэрдейр Урысейм хуэзыгъадэ мамырыгъэ иухуэну, Псыхуабэ деж щылъ адыгэщІэхэр къыхигъэхьэжу Къэбэрдейм зригъэубгъуну, - етх тхыдэ къэхутакІуэ Савойский Александр. - ХьэбархэмкІ къыхощ абы пщыгъэкІэ къыІлъыс Бабыгуей къуажэр иратыжыну щылъаІуэм, къулыкъкІэ яІэтыну къагъэзугъэри и цІыхухэр и гъусэу Кавказ Гъунапкъэм иубыд щІым Іэпхъуэну къыздрыжраІар, арщхьэкІэ пщым идакъым».

Хэтщ Іыкім нэхърэ хэдмыщІыкІыр щыдинэхъыбэ пщым и гъащІэ гъуэгур нэхъ Іупщ Іу дигъэлъагъункІэ дызыщыгугъ пщэдейрей махуэм а цІыху къызэрымыкІуэр адыгэ псоми, езым и псэр зыхэлъа къэбэрдейхэми щапхъэу къащІыхуэнэн щхьэусыгъуэ куэд иджыри щэхуу ихьумэ къыщІэкІынщ.

Ухыгъэм бын хуэхъуахэр дуней
цІыхукъым;
Я псэукІэщІэм бэр егъэгужьей,
Мэлыдри мэбзэхьж къахэмыщыхьхэу,
Пшэ фІыцІэм щыблэ ецІырхъа
нэхъей...

Сурэтхэр **Пащты Герман** *ищІащ.*

ЧЭРИМ Марианнэ

• Іуэху еплъыкІэ

Адыгэпщ ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил

Лермонтовым и «Исмэхьил-бей» поэмэм къызэрыхэщымрэ тхыдэм къызэрыхэнамрэ

● Университет хъыбархэр

Илъэсыщ1эм и пэ къихуэу

Бэрбэч Хьэтіуті и щіэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымиджыблагъэщеіуэкіащ зэхыхъэ хьэлэмэт икіи купщіафіэ куэд. Абыхэмкіэ хъыбар дагъащіэ университет и пресс-Іэнатіэм и лэжьакіуэхэу Дол Иннэ, Шал Фатімэ сымэ.

«НАСЫПЫМ и билет цікыу» - арат зэрэджэр КъБКъУ-м Правомкіэ, экономикэмрэ финансхэмкіэ и факультетым (ИПЭиФ) щеджэхэм къызэрагъэпэщащ псапащіэ акцэм. «Дэ цікыку» нэгуэгъэужьынІэ центрым щекіуэкіа а зэхыхьэм и хьэщіэт Нартан дэт школ-интернатым и гъэсэн цікыуэр. Илъэси 4 - 7-хэм ит сабийхэр сыхьэтитІым щІигъуклэ къэфащ, джэгуащ, дэлъеящ, къелъыхащ, кІэщІу жьыпІэмэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яІэу зэманыр ягъэкІуащ. Сабийхэм Илъэсыщ1э тыгъэ яхуищІащ 3-нэ курсым и студент Тенджвз Ашэмэз.

- ИПЭиФ-м и студсоветым хэтхэм мурад тщІат сабий зеинШэхэм Илъэсыщ1эм и пэ къихуэу зыгуэркІэ я гуапэ тщІыную, нобэрей зэхыхьэм аращ и лъабжьэр. ЗэІущІэм къедгъэблагъащ сабий 29-рэ. Студентхэр 35-рэ дыхьурти, зы сабии гуПыІэтэнщэу къэнакъым, дэтхэнэри дгъэджэгуащ, къэдгъэфащ, - жиІащ Іэхур къызэзыгъэпэщащэм ящыщ Темыркъан Ася. - Дэ сабийхэм билет къахуэтщэхуащ икІи абы къызэщІиубыдэ унэтІынигъэ псомкІи я нэгу зедгъэужьащ.

Цікыіхэм я нэгум кърих гуфІэгъуэр зыльъэгъуа студентхэм апхуэдэ псапащІэ Іэхуэхэр дяпэкІи ирагъэкІуэкІынущ. Абыкіэ щІалэгъуащэм дапщэщи сэбэп къахуохъу институтым и унафэщІхэр.

КУЭДЫМ уезыгъэгупсыет еджапІэ нэхъыщхьэм иджыблагъэ къыщызэрагъэпэща фэеплъ пшыхьри. Ар теухуат тхыдэдж-къэхутакІуэ Іэзэ, егъэджакІуэ Іэкіуэльакіуэ Нало Евгение Жамырзэ и пхъум «Къэбэрдейр XVIII лІэщІыгъуэм и япэ Іыхьэ ныкъуэм» и тхыльыр дунейм къыдэкІыжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым (КъБИГИ) и ЩІэныгъэ советым къыщІэнафэм игкІэ, тхыльыр кыдагъэкІащ Налор къызэралъхурэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлІэу. Абы хыхьащ къэхутакІуэм и иужьрей монографиер, апхуэдэуи лъэхъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэм дунейм къытехьауэ щыта тхыгъэхэри къытрамыдзэххаэри. Тхыльыр зэхигъэуващ, абы и пэублэ псалъэри дэщІыгъуныгъэхэри игъэхъэзыращ тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБИГИ-м и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь Мэрзей Аслъэн.

- Тхыдэ щІэныгъэм и зыужьынигъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа цІыхуэ Нало Евгение. А бзылъхугъэ щыпкъэм мыбдежым щІэс дэтхэнэми и гум лъэужь нэху икІи хуабэ къринащ, - жиІащ КъБКъУ-м егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и проректор Къэжэр Артур.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкІэ хуэщыгъуащ Нало Евгение. ИужькІэ абыхэм ягу къагъэкІыжащ бзылъхугъэм и гъащІэм щыщ пычыгъуэхэр, ар зыІууа гугъуехьхэмрэ абыхэм зэрапэльащ ин акъылрэ лІыгъэрэ къызэрыкІуэкІамрэ. Студентхэри къеджащ Налом къыщІэна Іэрытххэм щыщ пычыгъуэхэм.

- Нобэ дыкъызрихьэлІа зэІущІэм гъэщІэгъуэн куэд щызэхэтхащ. КъБКъУ-м, КъБИГИ-м я щІэныгъэлІхэм фІыщІэ ин фхузощІ Налом и Іэрытхыр тхылъу къызэрыдзвгъэкІам папщІэ. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм епхауэ абы ит тхыгъэ хуэд хуабжьу сфІэхьэлэмэт хъуащ, - жиІащ къыщыпсалъэм Къэрэшей-Шэрджэс къэрал телерадиокомпаниием и адыгэ къудамэм и унафэщІ Щаокіуэ Мусалий.

ЗэІущІэм и кІэухыу абы кьрихьэлІа псоми тыгъэ хуащІащ Нало Евгение и тхылъ гъэщІэгъэныр. Гу лъывздгъэтэнщи, къыдэкІыгъуэр къыщыбгъэтынущ къалащхьэм и библиотекэхэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Тхылъыщ1эхэр

Сабийхэм тыгъэ хуещІ

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ Щоджэн Леонид и «Уэрэдхэр» тхылъыр «Тетраграф» ООО-м къыщыдэкІащ усакІуэр илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу.

ЩОДЖЭН Леонид и Іэдакъэ къыщІэкІащ сабий усэхэр щызэхэхьэса тхылъ зыбжанэ. Усакіуэм и уэрэдхэм, усэхэм, къуажэхьхэм, псынщІэрыпсалъэхэм щІэупщІэ яІэщ, ахэр сабий гъэсапІэхэм, курыт еджапІэхэм, КъБКъУ-м, абы и Педколледжым щадж.

Щоджэным и уэрэдхэр зэрыхуа «Лэгъупыкъу тхылъыр нэхъапІэуэкІэ Тыркум и Анкара къалэм къыщыдигъэкІащ. Абы къыпызыщэ мы тхылъым уэрэд 450-рэ ихуащ. Лэжьыгъэр Іыхьитlу зэхэтщ. Япэ Іыхьэм ихуа уэрэдхэр еджакІуэ цікыІухэм, адрейхэр щІалэгъуалэм яхуэгъэзащ. Леонид и псалъэхэм макъамэ щІалъхьащ композиторхэу Къардэн Хьэсэн, Балэ Мухьэдин, Даур Аслъэн, Къзбэрдокъуэ Борис, Къул Амир, Согуэ Данил, Жылау Арсен, нэгъуэщІхэми. Къыжьыапхъэщ уэрэдхэм нотэхэри зэращІыгъур.

Усакіуэм фІыщІэ хуещІ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат, хьэрычэтыщІэ Быф Анатолэ, мы тхылъыр кьызэрыдигъэкІыну мылъкуклэ кьызэрыдэІэпыкъуам папщІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Кинорежиссёр. тхакІуэ щІарыІуэ Въэрокъуэ Владимир и ныбжьыр илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу «Тетраграф» тхылъ тедзапІэм къыщыдигъэкІащ «Дудук. Мелодия абрикосового дерева» тхылъыр.

АР ІЫХЬЭ зыбжанэу зэхэтщ. Тхылъым къыщедзэ «Прощающие да простят» романым къыкІэлъыкІуэну ещанэ томым щыщ пычыгъуэкІэ. «Фэеплъ» Іыхьэр ятеухуащ адыгэ щІыналъэм тхыдэ гъэщІэгъуэн зиІэ и щІыпІэ дахэхэм, абы щызекІуэ хабзэхэм. «Уэрэдит!» Іыхьэм Въэрокъуэм я гугъу щещІ «Іэдииху», «Гуащэгъагъ» уэрэдыжьхэм. Ахэр езым зэрызыхищІэр, ящІэлъ гупсысэр къызэрыгурыІуэр къигъэлъэгъуащ. Тхылъым и зы Іыхьэфі хуэхэщ Владимир и усэхэм. Абы кІыкІэлъэкІуэ илъэс зэмылІэужьыгъуэхэм итха эссехэр.

Въэрокъуэм зэрыжиІэмкІэ, сценарий итхамэ, Іэмал имыІэу абыкІэ фильм трихыжыт. «Прикосновения» киносценариймкІэ иІа гугъэр зэкІэ мыгъэзэщІауэ ещанэ, Зэми хущІэмыхьэу, зэми сценарийм си гугъу щищІар зэманым къемызэгъыурэ нобэм къэсащ. Въэрокъуэм къызэрилъытэмкІэ, ар зыми емыщхь киносценарийщ, мэгугъэ зи щІалэгъуэ режиссёр зэчиифІэхэм ящыщ гуэрым абы гъащІэ иритыну. Киносценарийр зыхуэдэр мы тхылъым къыщыфщІэнщ.

Тхылъыр зэхуещІыж Франджым щыпсэуа ди хэкуэгъу бзылъхугъэ цІэрыІуэ Черинэ Людмилэ (ЩэмырзэМоникэ) и гъащІэм теухуа тхыгъэмкІэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Иужьрей зэманым ди республикэм и къуажэхэм, абыхэм я тхыдэм, я блэкІам, нобэрей гъащІэм, щІынальэм и щІыкІу пашэхэм ятеухуауэ тхылъ щхьэпэхэр, купщІафІэхэр дунейм къызэрытехьэр гуапэщ. Апхуэдэщ иджыблагъэ къыдэкІа «ФІыр зи плъапІэ Астэмрей» тхылъыр.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР зэхуэзэхьэсар, зытхар КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкІэ и къудамэр къэзыуха, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэу илъэс 40-м щІигъукІэ лэжьа, Астэмрей и къуажэм музей къыщызэзыгъэпэща Щэрыб Юлэщ.

Тхылъым ихуа тхыгъэхэр компьютерым иригъэзэгъащ, сурэтхэр трихащ Кавказ Ищхьэрэм Гъуаджэхэмкіэ и къэрал инсти-тутым и профессор, егъэджакІуэ Щэрыб Валерэ.

Нэхъапэ Іуэкіэ Астэмрейуэ щыта, иджы Акъбащ Ипщэ Цір зезыхьэ жьлэжьыр нобэ здэщыс щыпІэм зэрыщІтІысэхрэ нэгъабэ илъэси 130-рэ ирикъуащ. Тхылъым увыпІэшхуэ щаубыд къуажэм и тхыдэр зэфІэзыгъэувахэм, колхоз гъащІэм жьыджэру хэтахэм, къуажэ Советым, еджапІэм я унафэщІу щытахэм, граждан зауэм, Япэ дунейпсо зауэм, Хэку зауэшхуэм Ілъхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ щызезыхьэу хэкІуэдахэм, къэрал дамыгъэ зыхуагъэфэщахэм.

Астэмрей жьлэм и блэкІар гъуджэм хуэдэу къызэрыщ мы тхылъым ихуа очеркэхэм, рассказхэм, усэхэм, уэрэдхэм, нэгъуэщІ тхыгъэ гъэщІэгъэнэхэм узыІэпашэу уоджэ. Лэжьыгъэм ущрохьэлІэ щІыпІэщІэхэм, бжыгъэхэм, къэхутэныгъэхэм. Апхуэдэу сурэт гъэщІэгъэнэхэмкІи ар гъэдэхащ.

Тхылъыр яхуэщхьэпэнущ Астэмрей къуажэм дэсхэм, еджакІуэхэм, студентхэм.

СОКЪУР Жамболэт.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

«Джэгурэшым» куэд дехьэх

Сабийхэр еджакІуэ ныбжьым итыху куэд къащІэ. Абыхэм я щІэныгъэм хагъэхъуэн папщІэ курыт школхэм щадж предметхэм гъэщІэгъуэнагъ гуэрхэр хэзылъхьэ зэхьэзэхуэр щокІуэкІ.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъущ, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ щІэщыгъуагъэ зыхэлъ апхуэдэ зэхьэхьэхэр ди мащІэщ. «Адыгэбзэ хасэм» фІыщІэ ин хуэфащэщ иужьрей ильэсхэм апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр зэрыригъэкІуэкІым папщІэ. Абы лэжьыгъэшхэу щызэфІах анэдэлъхубзэм, хабзэм, гъэсэныгъэм, ущиныгъэм ятеухуауэ, къищынэмыщІауэ, бзэм и къулеягъэм сабийхэм гу лъегъэтэным ехьэлІа Іуэхугъуэхэри наІуэ къыщащІ. Абыхэм ящыщщ «Джэгурэш зэпеуэм» и етІуанэ Іыхьэу Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щрагъэкІуэкІар. Зэпеуэм хэтащ Къармэхьэблэ, Лашынкъей, Арщыдан къуажэхэм дэт курыт школхэм, Налшык къалэ дэт гимназие №4-м я гъэсэнхэр.

Зэ еплъыгъуэкІэ, фІэщщІыгъуейт къуажэм кІыщыхъуа, щапІа, зи анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэ сабийхэмрэ урысыбзэ фІэкІа махуэ къэс зэхэзымыхьа сабийхэмрэ зы щІакІуэ кІапэ эздытеувэфыныр, зэпеуэн дэнэ къэна. Залым щІэс псоми япэ теплъэгъуэ къудейм фІэкІа ямыльагъу щІыкІэ, гъэщІэгъуэн ящыхьат къакъым щапІ сабийхэм зэпеуэр зэхьэхуэн мурад зэрапэр (икІи ар абыхэм къайхьулІащ), итъащІэ лъандэрэ адыгэ хуэжэжь дэсам хуэдэу анэдэлъхубзэр «къажьдэлъэлъуэ» зэращІэр, зэрагъэшэрыуэр.

«УгушІэнымэ, къеблагъэ!» зэпеуэм Къуийцікіу и хъуржыныр къатІэщІат еджакІуэ цікІуэхэм.

Зэхьэзэхуэр зыльъэгъуа псоми хьэкъыу япхыкІащ апхуэдэу ди щІэблэм анэдэлъхубзэр ягъэбзэрбзэфмэ, лъэпкъыр дызэрымыкІуэдыжынур.

ФІыщІэ ин яхуэфащэщ зэпеуэр къызэзыгъэпэща «Адыгэбзэ хасэм» и тхьэмадэ Табыщ Муратрэ абы и лэжьагъуэмрэ. Апхуэдэуи къыхэгъащІыпхъэщ гупхэр зыгъэхьэзыра егъэджакІуэхэр, зи сабийхэм я бзэр Іэщіыб езымыгъэщІ адэ-анэхэр. Афэрым!

КІУЭКІУЭ ХьэІишэт,
егъэджакІуэ.

● Щэнхабзэ

ЕджакІуэхэр дехьэх

Ди республикэм и курыт еджапІэхэм гулъытэ хэха щыхуащІ къыдэкІуэтей щІэблэр Іэпщ1эльапщ1агъэм хуэгъэсэным. Ислъэмей къуажэм дэт МОУ СОШ №23-м къыщызэІуахащ. Абы щыщІыпІи узыщримыхьэлІэ гулъжьей.

- НАРТЫХУ сэмбым хьэпшып щыкІуфэкІуэр къыхэщыкІыныр, къызэрыщІэкІымкІэ, пасэ зэман лъандэрэ адыгэхэм къадогъуэгурыкІуэ. Къуажэм дэс нэхъыжьхэм я фІыгъэкІэ къэщІэрэщІэжа а Іуэхум еджакІуэ цікыІуэр зэуэ дихьэхащ. Абыхэм ящІ матэ, сумкэ, нэгъуэщІхэри, - жеІэ кружокым и унафэщІ Урыс Томэ.

Іэпщ1эльапщ1эным дихьэх сабийхэм я Іэдакъэщ1экІэр кІуэ пэтми іофІакІуэ. Псом ящхьэраци, сабийхэм я Іэкіэ зыгуэр ящІыб, дахагъэр зыхащІэ.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Сом мелард 42-м щІигъу хухахынущ

УФ-м и Правительствэм къищтащ «Доступная среда» къэрал программэщІэр. Щ1ы-шылэм и 1-м лэжьэн щ1эзыдза программэр 2020 гъэ щ1ондэ ягъэзэщ1энущ.

Абы и мурадхэмрэ и къалэнэхэмрэ:

- ныкъуэдыкъуэхэр жьлагъуэм хэзэгъэным, абыхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным сэбэп хуэхъуну зыхуэфащэ правовой, экономикэ щытыкІэхэр, нэгъуэщІ хабзэ мардэхэр къызэгъэпэщыныр;

- ныкъуэдыкъуэхэмрэ нэхъ хуэмыщІахэмрэ Іэнатіэ, Іуэхутхьэбзэщіапіэ нэхъыфІхэм зэхуэдэ гулъытэ щегъэгъуэтыныр;

- егъэджэным, Іэнатіэ къахуэгъуэтыным пыщІа къалэнэхэри яхэту, реабилитацэ, абилитацэ ІуэхутхьэбзэмкІэ ныкъуэдыкъуэхэр зэхуэдэу къызэгъэпэщыныр;

- медико-социальнэ экспертизэмкІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр пэжу икІи зэІуахэу я къызэгъэщІыныр.

2010 гъэм къыщыщІэдзауэ 2020 гъэ пщІондэ псори зэхэту федеральнэ ахъшэу сом мелард 42,45-рэ программэм хухахынущ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Алыдж-урым бэнэкІэ

Республикэпсо зэхьэзэхуэ

Лэскэн щІынальэм хыхьэ Урыху къуажэм и спорткомплексым алыдж-урым бэнэкІэмкІэ республикэпсо зэхьэзэхуэ щекІуэкІащ. Абы кърихьэлІат Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием щыщ, 2003 - 2004 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщІэхэр. Зэ1ущ1эр къызэзыгъэпэщ1ар щ1ыпІэ администрацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и къудамэмрэ ДЮСШ №2-мрэщ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къыщызэІуахым кърихьэлІащ КъБР-м спортымкІэ и министр Хьущт Аслъэнбэчрэ Лэскэн администрацэм и Іэтащхьэ АфІэунэ Аслъэнрэ. Ахэр сабийхэм ехьэхьуащ ехъуІэныгъэхэр яІэну, я щІэр дуней псом щызыгъэІун спортсмен щІэрыІуэхэр къахэкІыну. Зэпеуэ гуащІэм щытекІуащ Къардэн Ахьмэд, Лий Алим, Къуийцікіу Амир, Таз Заур, Атэлыкъ Къантемыр, Ныр Заур, Бэвыкъуэ Ильяс, Щауэ Сэлим, БищІо Заур, Къанло Залым, Хьащ1элІ Астемыр, Биту Ахьмадхан, Къардэн Эдуард, Щомахуэ Джамбулэт, Бищіо Къантемыр сымэ.

Республикэ зэхьэзэхуэм щытекІуэхэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ медалхэмрэ щІыхь тхылъхэмкІэ ягъэпэжащ.

МАХУЭЩ Шумахуэ.

Гриппым зыщыфхъумэ!

● Узыншагъэ

Іэщ1агъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, гриппым и щытыкІэр Къэбзэрдей-Балъкъэрым нэгъабэ нэхъри мы гъэм щынэхъыфІщ, ауэ дяпэкІэ абы зиубгъунущ. КъБР-м Потребительскэ кІэлъыплъынигъэмкІэ и Іуэхущ1апІэм къызэриатамкІэ, щ1ыщ1ылэм и 4 - 10-хэм къриубыдэу гриппрэ ОРВИ-рэ къызэхуэкІуахэр тхьэмахуэ зэхуакум тещІыхьа эпидмардэм нэхърэ процент 62,1-кІэ республикэм, процент 61,6-кІэ Налшык къалэм щынэхъ мащІэщ.

ПСОМ ЯПЭУ ар и фІыгъэщ гриппымрэ пыхуэсыхуэм деж узыфэ хьэлъэхэм, псалъэм папщІэ, пневмонием, бронхитым, менингитым, отитым зыщІэзыгъэужь пневмококк инфекцэмрэ ящыхьхуэм хуущхьэхэр цІыхуэм зэрыхалъхьам.

Гриппым зэрыпэщІэт мастэхэр хэлъхьэныкІэ планыр Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъабэ процентищэкІэ щагъэзэщІащ. ЦІыху мин 244-м хущъхуэ ирахьэлІащ. Абыхэм ящыщу мини 114-р забищ, мини 130-р балигъщ. А Іуэхум нэхъыбэу къызэщІрагъэзубыдащ социальнэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр, зи ныбжь хэкІуэтахэр, еджакІуэхэр. Хущхъуэ зэзыхьэлІэну хуейхэм я бжыгъэм республикэм щыхохъуэ.

Профилактикэ щІыкІэу, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм терапевтхэр методикэ чэнджэщхэмкІэ къызэригъэпэщащ, щеджэ семинархэр иригъэкІуэкІащ. Мы гъэми абы пащэнущ. Мастэ зыхрагъэлъхьэн зэрыуейм хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм зыубгъуауэ щытепсэлъыхьащ, Налшык дэт поликлиникэм, щІынальэ сымаджэщхэм хэзыгъэгъуазэ тхыгъэу (листовкэ) мин зыбжанэ трагуэшащ.

Дохутырхэм фигу къагъэкІыж: мазаем гриппыр етэну хуагъэфащэ. Илъэситхум нэс си ныбжь сабийхэм, цІыхубз уэндэгъуэхэм ар нэхъ яхуэщІ. Зи ныбжь хэкІуэтауэ уз гъэтІылъа зиІэхэр игъэсымэджэнуц. Илъэс иримыкъуа сабийхэм я Іэпкъльапхъэр а узыфэ гуащІэм пэмыльэщынкІэ шынагъуэщ. Абы кьыхэкІыу, узыр кьыпкърыхьауэ гу лъыфтэмэ, и чэзум дохутырым эхуэзвгъаз, фэр-фэру вгъэхъужьыну фыхэмыт.

Тэмэму къывэІэзэн, хуей хъумэ, сымаджэщым фагъэгъуэлъын щхьэкІэ, гриппыр къыфкърыхьэу гу лъыфтэмэ, фыщыпсэу щІыпІэм щыІэ поликлиникэм фыкІуэ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъумэныкІ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактору Батэтыр Луизэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(1, 4, -нэ нап.)*, Щ1ьхьащэмыщІ Иэз *(2, 3-нэ нап.)*, *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Мариэ, Ныр Саидэ, Мэфахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаниэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №44